**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН**
**МКОУ «КРАСНООКТЯБРЬСКАЯ СОШ ИМ. РАСУЛА ГАМЗАТОВА»**
**КИЗЛЯРСКИЙ РАЙОН**

# *ОТКРЫТЫЙ УРОК ПО РОДНОМУ ЯЗЫКУ В 9 КЛ*

## *Тема: «Подлежащеелъун т1аджубараб предложение»*



***ПОДГОТОВИЛА УРОК***
***учитель***
***МКОУ «КРАСНООКТЯБРЬСКАЯ СОШ ИМ. РАСУЛА ГАМЗАТОВА»***
***Шагидханова Г.С.***
***Дата проведения -2018***

Scanned by TapScanner

**Тема: «Подлежащеелъун т1аджубараб предложение».**

**Дарсил мурад:**

1. Подлежащее такрар гьабизе

2. подлежащеелъун т1аджубараб предложение цогидаб жубараб предложениялдаса бат1а гьабизе малъи.

3. лъималазул хъвавул калам цебет1еялде к1вар кьезе.

**Дарсил алат**: ункъабго падежалда подлежащеелъун т1аджубараб предложение хъвараб таблица.

**Дарсил план:**

1. Лъимал дарсиде х1адур гьари.
2. Рокъобе кьураб дарс гьикъи.
3. Ц1ияб тема.
4. Ц1ияб тема щула гьаби.
5. Практикиял х1алт1аби.
6. Дарсил х1асил.
7. Рокъобе х1алт1и.

**Дарсил ин:**

1. **Лъимал дарсиде х1адур гьари.**
2. **Рокъобе кьураб дарс гьикъи.**

**- Лъимал, кина-кинал предложеиял нужеда лъалел?**

(Предложениял рук1уна журарал ва г1адатал).

**- Кинаб предложениялда г1адатаб предложениян абулеб?**

(Цо преддложениялдаса г1уц1араб предложениялда г1адатаб предложение абула). Мисал:

**- Сунда абулеб жубараб предложение?**

(Жубараб предложение абула к1иго, яги ц1ик1к1ун г1адатал предложениялдаса г1уц1араб предложениялда)

**Мисал**: Бакъ баккана, дунял рогьана. (жубараб предложение).

Т1аде щвана ихдалил къоял. (Г1адатаб предложение)

**-Жидер г1уц1иялде балагьун, журарал предложениял кина-кинал рук1унел?**

(Жидер г1уц1иялде балагьун, журарал предложениял рук1уна: журарал сок1к1арал ва журарал нахърилъльарал).

**-Жубараб сок1к1араб предложение сунда абулеб ва мисал?**

Scanned by TapScanner

**-Чан падежалда подлежащее х!алт!изабулеб ва кина-кинаб?**

(Подлежащее х!алт!изабула 4 падежалда: аслияб п., актив п., кьовул п., жинда п.).

**Мисалал**.

Асмаца (акт.п.) дарс ц!алана.

Мурадие (кьов.п.) эбел йокьула.

Дида (ж.п.) цер бихьана.

**Таблицаялдаса х!алт!и**

Г!умар, ц!але гьаб таблицаялдасан предложение.

Риидал борохь бихьарав хасало г!арщикьа х!инкъула;

Рак!алда хиял гьеч!ес щибго жо гьабуларо.

Ват!ан бокьуларесе эбелги йокьуларо.

Квералда махщел бугесда кибго бет!ербахъи гьабизе к!ола.

Г!адатаб предложениялда жаниб цо раг!и яги раг!абазул г!уц!и подлежащеелъун ккезе бегьулеб г!адин, жубараб предложениялъул т!убараб предложениялъунги ккезе бегьула, гьединаб предложениялда подлежащеелъун т!аджубараб предложение абула.

Подлежащеелъун т!аджубараб предложениялъе бет!ераб предложениялъул сказуемоялдасан г!адатаб предложениялъул подлежащеялъе кьолеб г!адаб суал кьезе бегьула (Щиб? Лъица? Сунца? Лъида? Лъие?).

Гьеб кагъат босун вач!арасда кинабго лъалаан.

Кинабго лъалаан – бет!ераб предложение.

Гьеб кагъат босун вач!арасда (лъида?)- т!аджубараб предложение подлежащеелъун.

Ахикье щварас пихъ кванала.

**- Гьаб предложение подлежащее т!аджубараб кколищ, лъимал?**

- Кколаро, щайгурелъул ахикье щварас абураб раг!абазул эркенаб г!уц!и ккун бугго, гьелъие суалги подлежащеелъего г!адаб бач!уна.

Подлежащеелъун т!аджубараб бук!ине ккани, к!иго бет!ераб член къвариг!уна т!аджубараб предложениялда жаниб.

Подлежащеелъун т!аджубараб предложение бет!ераб предложениялдаса запятая лъун, т!езабизе бегьуларо.

г1уц1араб предложениялда жубараб сок1к1араб предложение абула).

**Мисал**: Ах1мад т1але вахъана, гьес кагъат ц1алана, гьесул гьумер аваданлъана.

**- Кинаб предложение кколеб жубараб нахъбилълъараб? Гьелъие мисал.**

(Цояб цоялдаги бараб, цояб цоялъги баян гьабулеб к1иго я ц1ик1к1ун г1адатаб предложениялдасан г1уц1араб предложениялда жубараб нахъбилълъараб предложение абула).

**- Жубараб нахъбилълъараб предложение кинал предложениялдасан г1уц1ун бук1унеб?**

(Жубараб нахъбилълъараб предложение г1уц1ун бук1уна бет1ерабги т1аджубарабги предложенияздасан).

**- Сунда абулеб бет1ераб предложение?**

(Цо кинаб бугониги жиндир член, яги раг1абазул г1уц1и цогидаб предложениялъул баян гьабулеб предложениялда бет1ераб предложение абула).

Бет1ераб предложениялда жибги бараб, гьениб цо кинаб бугониги член яги раг1абазул г1уц1и жинца баянги гьабулеб предложениялда т1аджубараб предложение абула.

**Мисал**:

Г!акъуба бихьич1ес къо х!ехьоларо.

Къо х!ехьоларо –бет1ераб предложение

Г!акъуба бихьич1ес – т!аджубараб предложение.

**3. Ц1ияб тема:**

Нилъеца абуна, лъимал, предложениял рук1унин жураралги нахърилълъаралги. Нахърилълъарал предложениял союз раг!абигун рук!унел г!адин, гьел гьеч1огоги рук!ине бегьула. Нахъбилълъиналъул союз раг!аби гьеч!ел журарал нахърилълъарал предложениял авар мац!алда бат!и-бат!иял рук!уна.

- Жакъа , лъимал, неелъеца баян гьабила подлежащеелъун т!аджубараб предложение.

**- Ах!мад, сунда абулеб подлежащиян?**

**- Кинаб предложениялъул член гьеб кколеб?**

(Гьеб ккола предложениялъул бет1ераб член)

**- Цоги кинал предложениялъул членал нужеда лъалел?**

_ Асият, баче цо мисал подлежащеегун.

цо-цо мисал хъвай.

**4. Щ!няб тема щула гьаби.**

**Х!алт!и**

**Т!адкъай:** аслияб падежалда подлежащее т!аджубараб цо х!уби гьабун, актив п. подлежащее т!аджубараб уо х!уби гьабун хъвай.

Цо гьереси бицарас нусго гьереси бицуна.

Гьанаца г!орц!ич!ев рокьоца г!орц!иларо…

**Х!алт!и .**

**Т!адкъай:** гьал предложениял лъигьинаре подлежащеелъун т!аджурарал ва гьоркь мухъ ц!ай подлежащее т!аджубаралда.

1. Жинцаго гьабизе жо лъаларес…
2. Бергьенлъи босарасда …
3. … чидае гьеб кьоларо.
4. … г!анк!уги бикъула.

Подлежащеелъун т!аджубараб предложениялъул сказуемоелъун бат!и-бат!иял падежазда глаголалъул формаби х!алт!изарула. Гьеб нилъеда мисалаздасанги бихьула.

a) Актив , кьовул ва жинда падежазда причастие ккола т!аджубараб предложениял сказуемоегун.
Пер кунарес (актив п.) хъал кунеб.
Вехь вокьуларесе (кьов.п.) гьойги бокьуларо.
Чохьол унти ч!варасда (жинда п.) бот!рол унти к!очана.

b) Подлежащее т!аджубараб предложениял сказуемоелъун ккола глаголияб ц!арги.
Лъимал, нилъеца хъварал предложениязда гьоркь балагье гьединаб предложение.
Ах!мад рокьове вач!иналъ (акт.п.) Сурхайил рах!ат хвезабуна.
Чехь ц!езег!ан кванаялъ (акт.п.) к!ух!аллъи т!ад гьабула.

c) Предметияб ц!аралъул бак!алда х!алт!изабураб гьари маг!наялъул т!алабияб наклонениеги ккола подлежащее т!аджубараб предложениялъул сказуемоелъун.
Лъимал ч!ахъадица (акт.п.) бицана дида гьеб хабар.
Рокьоб бертин гьабудие (кьов п.) щибдай бокьараб?
Г!анк!удал т!анч!аз чехь хьиргщадида (ж.п.) гьаб иш жеги лъаларебищ?

**Х!алт!и 202**

**Т!адкъай:** Гьал предложениял хъвай, подлежащеелъун т!аджубараб предложениялда гьоркь х!учч ц!ай, подлежащеелъун ккараб г!уц!и бат!а гьабун, аск!об бихьизабе.

2. Буртина рет!арас бицана дида гьеб хабар. (подлежащее т!аджубараб предложение).
3. …

**Х!алт!и**

Лъимал, дица кицаби абила, амма нужеца гьел лъугьинарила подлежащееелъун т!аджурарал. (Рек!ехъе)

1. Чу гьеч!ес…
2. Ургъел гьеч!есда …
3. Боц!и хьхьулесда …
4. Х!алт!и т!аг!арас …
5. Лъик!алда мал барас …
6. Мадугьал вокьуларесе…

Гьазие суалалги лъун, падежги бихьизабе.

**5. Дарсил х!асил.**

-Лъимал, сундул х!акъалъулъ нилъеца жакъа бицараб? Щиб ц!ияб жо нужеда дарсида лъараб?

- Сунда абулеб подлежащееелъун т!аджубараб предложениян?

Кина –кинаб падежазда гьеб бук!унеб?

-Пат!имат, бачея цо мисал. Кинаб падежалда ккараб подлежащее т!аджубараб предложение?

-Кинаб лъалхъул ишара лъолеб гьединал предложениязулъ? Лъолищ лъалхъул ишараби?

-подлежащееелъун т!аджубараб предложениялъул сказуемоелъун кина-кинал глаголалъул формаби х!алт!изарулел? Мисалал.

Дарсида лъик! Х!алт!арал лъималазе къиматал.

**6. Рокъобе х!алт!и № 196.**

Нужецаго ургъун, подлежащееелъун т!аджубараб микьго предложение хъвай, щибаб к!и-к!и предложение аслияб, актив , кьовул, жинда падежазул формаялда кколедухъ.

**Дарс лъуг!ана. Ине бегьила.**

**26 январь 2019 сон.**

Scanned by TapScanner